Зым и дежкIи цIахуэкъым СССР-р зэрыкъутэжрэ щIэпхъаджагъэу ди къэралым щалэжьыр нэхъыбэ зэрыхъуар. Абы къыхэкIыу цIыхуэбзм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным зи Iуэхущlафэр хуэзыцIунэтI Iуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэр зэрызэтеухуам куэд елытащ. А къалэн мытышыр зи пщэрылъхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и МВД-м и «ХъумакIуэ» федеральнэ къэрал унитар Iуэхущlапlэр (ФГУП). Ди республикэм абы и къудамэ щолажьэ. Iэнатlэм и унафэщIыр зи Iуэхущlафэхэм папщIэ «За боевое содружество» медалыр, нэгъуэщI дамыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ зыхуагъэфэща, полицэм и полковник Iэхъуэбэч Амдулкъадирщ. Иджыблагъэ абы дыIущIащ.

- Амдулкъадир, фи Iэнатlэр къызэрызэзгъэпэщрэ куэд щIа си гугъэкъым.

- Илъэси 8 и пэкIэ, 2005 гъэм и бжьыхьэм лэжьэн щIэддзащ. Абы щыгъуэ дызыщIэсыни, компьютер, нэгъуэщIу дызыхуеинухэмкIэ дыкъызэмыгъэпэщауэ, улахуэри кьызэдитхынум дегупсысу едгъэжьащ. Уеблэмэ «цIыхуэ лэжьапIщIэ и чэзуэ фхуемытмэ, псалъэмакъ къикIынщ, къаугъуэ фыхэхуэнщ» жаIэ пэтми, дытегушхуэри, щIэддзащ. Нобэрей ди хэщIадахэм я кьалэнщ. Iэхэугъуэм и лэжьапIэм зы ящIами ярейт.

- Ди лэжьапIэм ящыщ щыт Iуэху куэд щыщIэкIащ. IуэхуитIыр, зыкъыщIэкIыр, - жиIащ Къанокъуэм. - IуэхуитIыр - ди республикэм и Правительствэм щыщIэр, Парламентым и депутатхэр, Шэрдэж район, къуажэ администрацхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и ветеран зэгучIэныгъэхэм я тхьэмадзэхэр, пIыхьыжакIуэ гупхэм хэтхэр, школакIуэ цIыкIуэхэр, журналистхэр, къуажэдэсхэр.

- 2013 гъэм накъыгъэм и 23-м дэ къызэдгъэпэщауэ щытащ мы щIыпIэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм щыхэкIуэда зауэлIхэм я хьэдэхэр щIэрыщIэу щегъэлъхьэжыныжкIэ комитет, - жиIащ Къанокъуэ Арсен, пэкIм къекIуэлIахэм защыхуигъазэм. - Хэку зауэшхуэр зэриухэр ильэс 68-рэ ирикъуами, абы щыщ щыхуэ 2840-р Шэрдэж куейм икIати, 2267-м къагъэзэжакъым.

Сэлэтхэм я нэхъыбэм къызэрацIыхужьи нагъыщхэмрэ тхыльхэмрэ ящIыгъужакъым. Абы кьыхэкIкIэ хьэдэ къупщхьэхэр зейр къэхутэжыныжкIэ лэжьыгъэр иджыри йокIужкI. Хэку зауэшхуэр зэриухэр ильэс 70 щрикъум ирихьэлIэу зэфIэдгъэкIын хуей Iэхэугъуэ зыбжанэм зехьыдэ мы щIыпIэм нобэ щекIуэкIыр, - жиIащ абы. - Нобэ дыщыгъуэми, арэзы дыкъэзыщI Iэхэугъуэ щыхэкIуэда зауэлIхэм я хьэдэхэр щIэрыщIэу щегъэлъхьэжыныжкIэ комитет, - жиIащ Къанокъуэ Арсен, пэкIм къекIуэлIахэм защыхуигъазэм. - Хэку зауэшхуэр зэриухэр ильэс 68-рэ ирикъуами, абы

● Къуэшыкхъэ

- Унагъуэхэм, цIыху щхьэхуэхэм зыкъыфхуагъэзэмэ-ща?

- Ахэри дгъэщIэхъуэркъым. ЛъэныкъуитIыр дызэгуроIуэри, дызэдолажьэ. Уеблэмэ сигнализацIэ яхуэдэ ящIыгъуэ, хэх диIэкъым, ди дежкIэ нэхъыщхьэр Iуэхутхьэбзэр зылъэдгъэIэсыр арэзы тщIынырщ.

- Фи цIыхуэхэр республикэм и куей псоми щылажьэ къыщIэкIынщ.

- Пэжщ, Iуащхьэмахуэ я зэщIа, мыдакIэ Тырныауэ кьаалэм деж щыщIэдзауэ район кьэс ди лэжьакIуэхэм щахъумэ бгъэIэпхъуэ мыхъу кьэрал мылъкур, Iуэхущlапlэ зэхуэмыдэхэр. Ди лэжьакIуэхэр адрейхэм тыншу кьахэпщIыхуэкIы-фынущ - я бгъэми, я Iэщхьэми тетхащ зыщыщ Iэнатlэм и цIэр.

- Зыпэрыт лэжьыгъэ гугъэ фи цIыхуэхэр дауэ хуэщIа?

- Транспорткlи, Iэщхькlи, фащэкIи гукъеуэ диIэкъым. Уеблэмэ щIымахуэ, гъэмахуэ щыгъынхэри щхьэхуэу яIэщ. КьищынэмыщIауэ, мы гъэм и гъатхэпэм щыщIидзауэ я улахуэм аргуэру яхущIыдгъуащи, кьытхуэарэзыуэ си гугъэщ. ПцIы хэлъхьам, ди щIалэхэр зыпэрытыр Iэнатlэ тыншкъым, зыкъомкIи шынагъэщ. Ауэ жэуапльныгъэшхуэ зэрытхьыр кьагурыIуэу, къэмыланджэу, кьыщIэмыхуэу я кьалэныр хьэлэмуэ ягъэзащIэ. ИкIи абыхэм щытхъэшхуэ зэрахуэфащэм щэч хэлъкъым.

МЫЗ Ахьмэд.

Щыхупlэм щхьэщаlыгъэм ещхьщ си гъащlэр

Ацкъан Руслан и сонетхэр

136

Зимыlэм унэ нlэкъым дуней,
щхьэегъэзыпlэ жьыбгъэри хуэныкъуэщ.
Зэшыгъуэм щихьым дежщ жьыр щыдэуейр,
аракъэ жьапщэм си гур щlыхуэмыгъуэр.

А жьыр езыр къуэладжэхэм я бынщ,
нэхъыбэщ зыщыгъэпщкlур, зыщиудыгъур.
Дуней тетыкlэ ищlэркъым жьпlэнщ,
Iэ зыдиlтьэнум еIунщынкIи мэхъур.

НтIани псэкlэ жьым сыпэгъунэгъущ.
Абы къызнщlэ псор си жагъуэ мыхъу,
симыудыныщlэм, сызэшын къысщохъур.

Арщхьэкlэ и нэм щlэсльэгъуа къудейщ:
зимыlэм унэ нlэкъым дуней,
и унэу дуней псор зи гугъэр щоуэр.

137

Ун пащхьэ сыщыкъуаншэу щытыгъарэт,
си гъащlэр схьынут ар зэзгъэзэхуэжу,
ар си щхьэусыгъуэу ун деж нэзгъэзэжу.
Дунейм темытт зэрысхуэщlын ун жагъуэ.

Си пащхьэ ущыкъуаншэу щытыгъарэт.
Ар зэбгъэзэхуэжу ухэтынкlэ
сыгугъэу махуэ къэскlэ сыножьэнти.
АрщхьэкIэ хъун си жагъуэ бдэслъэгъуакъым.

Дэ зэпэIощlэ дызыщlар сымыщlэ.
Дяку дэлъу хъуар жэуап зимыlэ упщlэщ.
И пащхьэ гъаГэуныгъэм дыщыхейщ.

ГурыщIэм дежкIэ мащIэу ар къыщIокIыр.
Къызгурыуащ; гухэлъыр псэун щхьэкIэ,
ар хэту щытми, къуаншэ нIэн хуейщ.

138

СIэщIокIыр гъащIэр. Къоплъэкlыж нэбгъузкIэ,
гу зылъыстам си щlыфэр егъэтхытх.
Абдеж си гъащIэр хамэу къыщохъуж сэ,
арщхьэкIэ ар абы и ужь ситыхущ.

Пщэдей сыщIэпхъуэжынущ, япэ сищу,
си гъащIэр зэрызахуэри слъагъунщ.
Сигъэпсэуащ сэ адрей псоми ещхьу,
иджыри тIэкIу къыскъущIигъункIи хъунщ.

Зэрыхъуу кIуащ, сыхигъэнакъым сытми,
абы и махуэ къэскIэ фIыщIэ сощI.
Сихамрэ къызитамрэ зэпэслъытмэ,
и тыгъэр гъэбэгъуауэ къыслъысащ.

АрщхьэкIэ сфIэкIуэдам нэхъ куэд къешэч.
Абы щIым нэскIэ си гур ирешэх.

139

Сэ куэдрэ мы дунейм сегупсысынщ,
и хабзэ гуэрхэм си гур ягъэныкъуэу.
Гухэлъ къыслъысу щытмэ, си насыпщ,
гужьгъэжь къыслъсхуэкIуэм,
схьынщ си гъащIэр мыгъуэу.

НгъащIэми а тIур къызэдокIуэкI,
нэхъыбэм къафIэщI пэтми зэпэжыжьэу.
Унсэм хъурэ ужгу кьыльэту фIэкI,
тIум яз къыщыхъуэкIуэнур зым имыщIэ.

Гужьгъэжьым хуэкIуэжьныр зым щымыщ - жнIащ зыгуэрым - псом нэхъ Iэфl гухэтъыр.
Ар мы дунейр зэшыгъуэ къызыщызыщIщ,
арауэ си ажалыр сфIощI зыхэтъыр.

Слъэгъуам гужьгъэжь хуэкIуауэ лъагъуныгъэм,
хъужьнут дунеижьыр си щIэщыгъуэ.

140

Мыупщlэу гъащIэм нхъужащ си теплъэр,
щытар къуршыбгъэу хъуащ тхъэрыкъуэ хужь.
Си хьэлыр-щэ? Псы уэрыр хъуащ псытепхъэ,
и толъкъун щыкIэр къыслхуэмыщIыхуэж.

Къэгубжьу мывэ гуэр ирихьжьэжкъым,
дэтхэнэ зыми фIэфIщ едэхэщIэн.
Жыг хэпlъызам и щIагъым ныщыщIэжкIэ
къыпlыхумэ тхьэмпэ, щэхуу къызыдищтэнщ.

Мыупщlэу гъащIэм нхъужащ си гъащIэр,
ар языныкъуэм сфIощI къыслщыдыхьэшх:
Иджы абы зыхуейуэ хъуар сегъащIэ,
сыпэуфыну къару симыIэж.

Зэрыщытауэ къэнэжащ си бгъуэгур.
Дунейм тез хъунщ абы нхъумэ тIэкIур.

141

Утыкум ситт, сымыщIэу сыздэкIуэнур,
нэщхьейуэ сепlтыт жыыр здепщэмкIэ зизычхэм.
Нэху дыкъекIауэ арт зы пщэдджыжь гуэрым
зызридзэкIауэ Хэкум и псэукIэм.



Къыщlэмыкlат абы сыхуэхьэзыру,
згъэпlащlэу зэблэзгъэкlт гупсысэ Iэджэ.
ГугъанIэу сиIэр къызэхуэсхьэсыжри,
къыхэсщlыкIащ ущызэпхыпlтъу Iэжьэ.

Згъэкlуат сэ Iэжьэм сису сабингъэур,
иджы ар къыщlызгъатхъуэрт гукъэкIыжьым.
Сщlа Iэжьэм исlтхъэщ сигу пымыкIыу хъуарн,
си гъащIэр тезухуащ гъуэгуанэ жьыжьэм.

Исчащ Iэжьэкъур, Iэжьэр и пIэм итщ.
Псэун къыщlэздзэжьыну къыслпэщытщ.

142

Къыщlетхъыр махуэр сигу, зэрыхъуу жэщ.
Зэрыщу нэху, сыхуэзэшынущ жэщым.
И унагъунтIым я кум дэтым ещхьу
сопсэу сыкъыlзэралъхурэ. Сезэщащ.

Вагъуэбэм нэху щыхункIэ сахэтынщ
нахуанIэм тIэкIу ещхьыlуэу си пщlыхьэпIэр.
Абы нэс укъикIыжу нанIэзыпIэм
утезэгъэжьну щIым мытынш.

ПщэдджьжькIэ зэрызехьэм сахохьэж.
Мыбдежьм къыщыльъос къыхэущтэр щхьэж,
пIэныхум хъунущ ущlэмыупщlэжмн.

Абы къэбгъэщIа псор къунгъэщтэжынщ.
А къызэдджэм укъыхэхужьынщ,
пщlыхьэпIэ Iэфlхэр нэгу къыщlэмыльэжьым.

143

Си адэм и Iэм си Iэр сыту ещхь,
сыкъынгъэуIэбжьыжу зззэмызэ.
Сыт сымыщIамэ сэ абы семысэ.
Си адэм и Iэ гъурхэм сепlтыерейщ.

Iэр псэ къудамэщ, къыпхуеIуатэ куэд.
Къэгъуэгурыкlуащ си адэр лэжьакIуэжьу.
Псом япэ нту зауэмн ар кIуат.
Сэ сощIэ: псэуфакъым ар нэгъуэщIу.

Си адэр пхъашэу сэ къыслхущытащ,
и щытхъу къэсхуу уаситI щlызнгъэтащ.
СызрнгъэкIуащ абы и нэгу щIэсльагъуэм.

Иджы си щхьэфэм си Iэр еIусэху,
сыбзэзрыгъащ, зызоущэху.
Къыслфощ си адэм и Iэр къыздлльауэ.

144

Абы гухэлъ хуэсщIауэ сымыщIэж,
арщхьэкIэ сымыльагъумэ си гур ныкъуэт.
Зэшыгъэур къыстеуам, абы сытыныхъуэрт.
Сытеужам, къэзгъанэрти сежьэжт.

ЕхъулIэныгъэу сиIэр сэ сысейт,
къыззмыхъуlэ псорн ди зэхуэдэт.
Къыхихырти и гъащIэм сэ къыслхуэтыр,
сымыщIэу къыздикIар, абы къызитт.

Ар къызбгъурыт зэпыту екIуэкIащ,
щытами янэхъыбэм гу гъызмынтэу.
А псор си нэгу къыщIэзгъэхьэжу щытмэ,
гум къытегъуэльхъэм сещlыр бауэкIэщI.

Насып сиIауэ къыщlысщIар иджыщ.
Насыпым лей хъужьыхукIэ зейр ебзыщI.

145

ПшитI зэхуакум уафэ нэгу къыдэщт,
гъэгъа жыгыр бауэрт, ещхьу щlыхум.
Хьэндырабгъуэ къыхуэзубыдащ
губгъуэр зыхуримыкъу си къуэрылъху щIыкIум.

И лъэгу щабэм Iэзэу хущысхуащ,
жэр зэрнгъэхьунур и фIэщ сщlыуэ.
Сабиим и нэм нэпсыр къыщIэхуащ,
сыкъимыльагъэжт абдежьм фIыуэ.

Сэ къысIэщIэщIар къысщlыхьэжащ,
дэпэ кIуат си губгъуэм къызнт лIыгъэр.
Сабингъуэ жьыжьэм нэскIэ жащ
си гупсысэр, къыздэщIын къиlтыхъуэу.

Ар кънутIыпщыжащ си сабингъуэм,
езым и къуаншагъэм къыслхущIингъурн.

146

Жэщ си щlыпэлъагъу фIэкI умыщIэнут,
псорн си щlэщыгъуэу къыщIидзыжт.
Вагъуэхэрн хэтт зыгуэр жаIэну,
ауэ я гум итныр ябзыщlыжт.

СыIурихщ нэхущмн сымыщIэххэу,
пщlыхь зэщlымыщхъу гуэр си нэгу щIэкIащ.
Жэпу вагъуэ жьыжьэхэм я щэхур
щlыlтъм къытехауэ нэху къекIащ.

Дыгъэр къыкъуэкIащ а псор имыщIэу,
къэуIэбжьауэ жэпым къыхэпсащ.
Дыгъэм фIэфIкъым зыгуэр къыщабзыщIу,
псорн кынгъэнэхуу ар есащ.

Хэслъэгъуар сысейуэ ткIужащ жэпыр.
Арн сIнхыжьнщ, къэсынщн жэщыр.

147

Си гъащIэр сIуэтэжыну си гугъащ,
къызоIуэтэжыр къагъэщIар нэгъуэщIхэм.
ЦIыху Iэджэм ялъ зыщIэтым ещхь сыхъуащ,
аращ мы си щыгъкIэр къэзыгъэщIыр.

Зэм гухэлъ Iэфl си бгъэгум къыщоуш,
сысейуэ ар зи фIэщ зыщlын щlымыIэу.
НужькIэ ар си гъащIэм щыщ мэхъуж,
сфIэкIуэдыжьнун зым къызжремыIэ.

Си бгъэгум зэм гужьгъэжь къыщlысфIотэдж,
хьэзыри си псэукIэр ихъуэжьну.
Ар къыздикIар сэ къыслхуэмыгъуэтыж,
къэзыгъэкIуари дэнэ къинсхьынну.

Щlыху гъащIэ куэд щlызэхуэсащ си гъащIэм,
арщхьэкIэ зейхэм си фIэщ мыхъу сыкъащIэу.

148

Куэд дэмыкIыу сынэкIуэнщ уи деж,
сыкъынкIэрыхуауэ гъащIэ псокIэ.
Сызэрынэкlуэнур сщIэ къудейщ,
сынышщIэкIуэр езым сщIэркъым зэкIэ.

Уэ ныпхуэсIуэтэну арагъэнщ
Iэджэ щIауэ щlызбзыщlыжьыр си щхьэм.
Уэ узимыгъусу къэзгъэщIар,
къызгурыIуэжащ, си гъащIэм щlыщкъым.

Нэгъуэщ гуэрым и пIэкIэ сопсэу
нобэм къэскIэ. Ари гъащIэ дахэт.
Зыкъызотьыхьхуэж нтIани сэ,
си гур къуэгъэнапIэ къэскIэ дыхьэу.

Сынэкlуэнщ пщlыхьэщхьэу е нэхущу.
БжесIэжьнщ си гъащIэр сыкъыlумыщIэу.

149

Сыкъынгъэпщlащ сэ куэдрэ дуненжьым,
сищlыну лей гурыщхъуэ сигъэщIжьт.
Уэсэнсыр слъагъурт гугъэм и лъэужьу,
сызднпэм сыкIуэу сежьэртн - гъущыжьт.

Сыкъынэрт жыг щхьэзакъуэу губгъуэ нэщlым,
япэ къэс щыблэр хъурт къыстегъэпса.
Имыщlэу сипсыхьащ сэ дуненжьым,
сыкъыхэкIыфу сытми сигъэсащ.

ИтьэсхэР зэрыкIуаращ къыслхуэмыщIэр,
сатеплъэкъуэкIауэ къыщIэкIынщ.
Сыкъэбгъэпщlэнум ноби хэтъыр машIэщ,
си деж кIэ ар кIуэдыпlэмн иджы.

ЩыхупIэм щхьэщаIыгъэм ещхьщ си гъащIэр.
Зыщlыгъам ар игу итныр пльэкIмэ къащIэ.

150

Укъыlзэупщlу щытми иджыпсту
бжезмыlэфын си деж кIэ псом нэхъыщхьэр.
Си гъащIэр зым щlымыщlым щlыщIэстын
къыслхоухэ - и фIэщ хъункъым ар нэгъуэщIкъым.

Схуэхъунур гъусэ щlыlэщ щlыблэзгъэжI,
къуэш щlысщI къыхокIыр къыслхуэзыгъыр щlагъ.
Сихъуным Iущ есхьэлIэмн схуГъэжI,
щlыуагъэр сяпэ итщ - мыр дауэ гъащIэ.

Апхуэдэ защIэу укъекIуэжI мыхъун,
хокIуадэ япэ къэсым хуэгъэщIэхъур.
Сыкъеэзыгъэлынур къыздихынщ,
щекIэрэхъуэкIкIэ дуненжьыр шэрхъыу.

Сэ схуэдэ дыдэ сыхуэзэнщ зэгуэрми,
къызгуригъэIуэнщ езым къыгурымыIуэнур.

151

КIуэцIрыкIащ уафэгъуагъэр мафIэгуу,
уафэ гъунэм щlыхьужу нэхъ хуэм.
Ещхь сыхъуащ абы къыкIэрыхуам,
псом нэхъ жагъуэрщи, зыщlащ тIэкIукIэ.

Зыкъыщlэжурэ жьыжьэ къыщIоIу
куэдым пэджэ мафIэгум и макъыр.
Сэ мы махуэм хузнIэр зы лъэIут, -
ар абы зэхихьынум хуэхуакъым.

Сщлбзыщlащ щlыблэжьнур мафIэгур,
нтIыхсхьэну езыр къыщIэкIащ...
Иджы слъагъуурэ мэхъыр щlащ,
щlыхь зымыщlэ зэшыгъуэр къыстокIуэ.

Догуэт зэ, кьегъэзэжьр мафIэгум.
СитIыхсхьэнщ, ар сымыщIэмн здэкIуэр.



Сурэтхэр **ПIЭПУАЩIЭ Феликс** *ищlащ.*

Бакъ Зерэрэ Щоджэн Берсисрэ.

● Ди псэлъэгъуахэр

Гукъэкlыжым и лъахэм щытlыгъуэ гупсысэхэр

Адыгэ хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ... Я хьэл-щэнкIэ, гупсысэкIэ, шыфэлыфэкIэ, IуэхущlафэкIэ эстехуэрэ е зэщхьэщыкIрэ ахэр? Сыт я псэукIэ хэхэсхэм? Сыт кьитIасэрэ Хэку лъагъуныгъэм и кьарум? ПIэужьыр лыымрэ къупщхьэмрэ ямыгъэкIуэдыр пэж?

А псом ехьэлIа гупсысэкIэ, гукъэкIыжкIэ кьыддэгуэшащ хамэ щlыпlэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я деж куэдрэ щыхьащlэ, КъБКъУ-м и профессор Бакъ Зерэрэ Истамбул щыIэ «ХузунЙйла» Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуздэз, зи Iэщlагъэкlэ уэчыл Щоджэн Берсисрэ.

ЗЕРЭ Истамбул щыIащ, абы щlипсэу адыгэхэр анэдэлъхубзэм хуриГъаджэу. Иджы а Iэхум и гугъу кьытхуещlыж:

- *ИтьэС зыбжанэкIэ уэзэгъэкIыжкIэ, Истамбул «Бахьчи Эвлер» («Жьыг хадзхэр») Хасэм «Хэку» зэгухьэныгъэм сигъэкIуат, адыгэбзэмрэ адыгэ щэнгъасэмрэ абы кьекIуалIэхэр хуезгъэджэну. Хасэм и тхьэмадэр Щоджьул Илкьэнт. Бзэр зэрагъэщIэнкIэ егъэлеяуэ гугъэу зэхуэсатэкьым япэу кьэкIуа цIыху зытхухьыр. Хэкум кьыкIа зрагъэльагъуну яфIэгъэщlхъуэну арат. ИтIанэ, зым адрейм жрIэжурэ, нэхъ кьыззхуэс хьуахэщ, ныбжьэгъуи дызэхуэхъуащ.*

Зерэ абы щригъэджахэм ящlыщщ Щоджэн Берсис. А зэманым Берсис хуиГэ гукъэкIыжкIэр ящlыгъ хэкум къэкIуауэ кьыщытхуеIуэтэж:

- *Кьэбэрдейм щыщ профессор ди хьэщlэщи, Хасэм кьекIуалIэ», - жаIэри кьыслхуаIуэхуат. Сыхуэмейуэрэ, сыщхьэхьыурэ «Бахьчи Эвлер» Хасэм и тхьэмадэ Илхьэн и хьэтыркIэ секIуалIа хъуауэ арат, пэжым ухуейм», Зэ-тIэу есатым зрезгъэхьэлIэу пыслчыжьын си гугъат. Арщхьэкlэ, хуэм-хуэмурэ сыдихьэх хъуащ. СемыкIуалIэмэ, абы щlыхэхэх адыгэбзэм сызэрыхуэныкьуэр зыхъсщIэрт. ИтIанэ абы сыщыкIуэну зэманыр къыслхуэмыгъэсу сытэплъэ хьуащ. Си закъуэжьым, ар куэдым кьащlыщIат. Хасэм кьекIуалIэхэрн ныбжьэгъу дызэхуэхъуат. Дызэпщlэрт зы гупсысэ иным - лъэпкъым теухуам.*

Бакъ Зерэ: - *Берсис Хасэм кьекIуалIэхэм я нэхъыщlэт. Апхуэдэкlэ псомн кьаХэщхьэхуэкIыртн, и гум зыгуэрхэр щигъэтIылъауэ зэригъэтIылъуэр нэрылъагъут. «Сэ адыгэбзэ тIэкIу седэIуэнщ...» жиIэртн, жыжьэу кьытхэпlъэну кьэтIысырт, гуваУэ кьыщыкIуахэм деж. Адыгэбзэм едэIуэн гупсысэрщ Хэкум кьнзышэжари.*

- Зерэ, уэ дауэ кьыпщыхъуэрэт Хасэм и зэхэтыкIэр, сыт хуэдэт кьекIуалIэ адыгэхэр?

- «Бахьчи Эвлер»-р тIэкIу нэхъ дэхуэхауэ кьалытхэжам ящlыт. Истамбул щыIэ Хасэ куздым сахьхьащ, сахэтащ. Ауэ мыбы хуэдэу спэгъунэгъу хъуа кьахэкIакъым. Мыхэр кьызэзгъэгуэкIт. «Дэ адыгэ дыхъужьныу? Далъэщlыхьэжьну адрейхэм?», - жаIэрт езгьадижьэхэм. Ауэ сэ гу лъыстат ахэр адыгэу кьызэзрянам. Дэтхэнэри Хэкум кьихьэжамэ, тхьэмахуэ бжьыгъэкIэ кьытхэсыхьыныут. Я кьэшэгъуэ нэса пэтми, унагъуэ зыуха яхэттэкъым щlалэхэм. Я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри адыгэ псэгъу ящlыну зэрыхуейрт. Зэщхьтэкъым си еджакIуэхэр. Ауэ нэхъыщхьэу гу зылъыстари? Псорн ди плыьфэт. Ди кьуажэм сыдыьхьжауэ, ди хьэблэм сыдэту кьызэщlихьурт абыхэм сащlэхэтым деж. Лъэпкъыр лъэпкъыу кьэнэнуми хабзэр сыт хуэдэу кьызэхуэнуми кьызэрыпщlэну щlыIэр? И нэгурщ. И теплъэрщ имыхъужу къонэн хуейр. Бзэр щхьэ куцIым щlигъэтIылъауэ ихьумэу арауи, зригъэщlну иужь ихьэмэ, кьещlэжьыф. Хабзэри Iэмал имыIэу бзэм кьыдокIуэж. Хасэм щlыIэхэр псорн адыгэ дыдэ дыхъужьрт, дыкъэгубжьауэ дыщlыпсЪэм и деж е зы Iуэхугъуэ гуэрым дыдихьэхьпауэ дыщlытепсэлъыхькIэ. Абы щезгъэджауэ ныбжьэгъуфI кьысхуэхьэхуэм ящlыщ Балькъэрхэ Джумхур, Сэбэхьтрин, Мэжид, Бэвыжь Низаметтин, Джэрыджэ Аднан, Чолакъ Камуран, Щоджэн Берсис, Шыбзыхьыэ Чэгълэян, Шэрэкьу Хьэмид, Жылэхьэж Эрдоган, Ибрахьим Оздемыр, Есэн Хьэмид сымэ. Дэтхэнэми хужьпIэн куэдщ, дэтхэнэми гупсысэкIэ щlэщыгъуэ иIэщ.

- **Лапхуэрэ щlыкIэкIэ бзэр ебгъащIэрэт?**

- Япэу дахагъэм дегъэхьэхын хуейти, усэкIэ яхэслъхьэщlэздзащ. «Шир (усэ) адыгэхэм ятхэу тщlакъым», - жаIэу ягъэщlагъуэрт. Щоджэнщыкlу Алий, Кьыщокъуэ Алим сымэ я усэхэмкIэ кьыщlэддзащ. Ауэ... Щоджэнщыкlур кьайгугъуэкIрэт?! Абы зыкьомрэ схуегъэсэжьым. «Алий щыкlу» фIащауэ, абыкIэ еджэхэрт. Пщlыхьэщхьэ гуэрым, «Зэгуэр пщlыхьэпIэу усльэгъуащи, Жэщ кьэскIэ жьыуэ соГуэлъыяж...» псалъэхэр зыхэт Кьыщокъуэм и усэр зэпкьрытхырт, дылэжьну иджыри зэман тIэкIу кьытхуэнауэ, Балькъэр Джумхур щlэкIыжьну кьэтэджкъуэгъуэ щытащ: «Жьыуэ дыгъэлъэныжьн хуейщ, - жиIэри. Щоджэнщыкlум и «Нанэ» усэр гукIэ щызрагъэщlар-щэ!.. Тенджвз Iуфэм кьыщджэзэрт...

АлфавиткIэ кьыщlэздзамэ, зыри схуагурыгъэIуэнутэкьым, ар нужьым кьызнащ. Бзэри щэнхабзэри яхэслъхьауэ, зыхезгъэщlауэ схужьыIэнущ. Дауэ хьуами, Хэкум эз нэхъ мыхъуми кьихьэжьын зэрыхуейр ягурыIуат.

- Берсис, Хэкум, бзэм хуиIэ лъагъуныгъэр дэнэ кьыщежьар? Е ар псалъэкIэ кьыпхуэмыIуатэ гурыщIэ?

- **Зерэ, уэ дауэ кьыпщыхъуэрэт Хасэм и зэхэтыкIэр, сыт хуэдэт кьекIуалIэ адыгэхэр?**

- «Бахьчи Эвлер»-р тIэкIу нэхъ дэхуэхауэ кьалытхэжам ящlыт. Истамбул щыIэ Хасэ куздым сахьхьащ, сахэтащ. Ауэ мыбы хуэдэу спэгъунэгъу хъуа кьахэкIакъым. Мыхэр кьызэзгъэгуэкIт. «Дэ адыгэ дыхъужьныу? Далъэщlыхьэжьну адрейхэм?», - жаIэрт езгьадижьэхэм. Ауэ сэ гу лъыстат ахэр адыгэу кьызэзрянам. Дэтхэнэри Хэкум кьихьэжамэ, тхьэмахуэ бжьыгъэкIэ кьытхэсыхьыныут. Я кьэшэгъуэ нэса пэтми, унагъуэ зыуха яхэттэкъым щlалэхэм. Я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри адыгэ псэгъу ящlыну зэрыхуейрт. Зэщхьтэкъым си еджакIуэхэр. Ауэ нэхъыщхьэу гу зылъыстари? Псорн ди плыьфэт. Ди кьуажэм сыдыьхьжауэ, ди хьэблэм сыдэту кьызэщlихьурт абыхэм сащlэхэтым деж. Лъэпкъыр лъэпкъыу кьэнэнуми хабзэр сыт хуэдэу кьызэхуэнуми кьызэрыпщlэну щlыIэр? И нэгурщ. И теплъэрщ имыхъужу къонэн хуейр. Бзэр щхьэ куцIым щlигъэтIылъауэ ихьумэу арауи, зригъэщlну иужь ихьэмэ, кьещlэжьыф. Хабзэри Iэмал имыIэу бзэм кьыдокIуэж. Хасэм щlыIэхэр псорн адыгэ дыдэ дыхъужьрт, дыкъэгубжьауэ дыщlыпсЪэм и деж е зы Iуэхугъуэ гуэрым дыдихьэхьпауэ дыщlытепсэлъыхькIэ. Абы щезгъэджауэ ныбжьэгъуфI кьысхуэхьэхуэм ящlыщ Балькъэрхэ Джумхур, Сэбэхьтрин, Мэжид, Бэвыжь Низаметтин, Джэрыджэ Аднан, Чолакъ Камуран, Щоджэн Берсис, Шыбзыхьыэ Чэгълэян, Шэрэкьу Хьэмид, Жылэ-

Ди Iуэхугъэ щlэныгъэ

Гуманитарнэ щlэныгъэхэм я Университетым и Къэлэмыпэ Къэрэгъулай

**Университетым и Къэлэмыпэ Къэрэгъулай ящlэ Гуманитарнэ щlэныгъэхэм я Университетым и Къэлэмыпэ Къэрэгъулай. Университетым и Къэлэмыпэ Къэрэгъулай ящlэ

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэтетым топыр зыІэрегъэхьэ.

Адыгиплі зэгъусэу зэрыдмылъагъужрэ куэд щІат

● Футбол

«Сибирь» (Новосибирск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Новосибирск. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 28-м. ЦІыху 5000 ельащ.

Судьяхэр: Шпилев (Белгород), Степанов (Томск), Шаламберидзе (Мэзкуу).

«Сибирь»: Трунин, Самсонов, Головатенкэ, Выходил, Запрудских (Гладышев, 80), Беляев, Бркляч (Едунов, 68), Рыжков, Базанов (Марковов, 62), Кубицки (Дудолев, 70), Житнев.

«Спартак-Налшык»: Цыган, Абаз, Джудович, Суслов, Гарбуэ, Коронов (Мэкъуауэ, 82). Чеботару, Руа (Сирадзе, 90). Аверьянов (ГъущокІуэ, 33), Галин (Щэуей, 59), Медведев.

Дагъуэ кьыхуащІащ Джудович, Сусловым, Абаэзм, Беляевым.

«СПАРТАК-Налшыкыр» Новосибирск кІуащ и гъуащхьэхьумэхэм ящыщу 3 кьапэщыт зэІуІэм хэмытыфыну. Тимошиным, Засеевым, Овсиенко сымэ япІэкІэ ІэмальшагъэкІэ нэгъэщІэхэм дзыхь хуащІын хуей хьуащ. Ятіп дыкъыщу кьыхэдгъэщынщи, ахэр я кьалэнхэм фІы дыдэу пэльэщащ - абы и щыхьэтщ хьэрхуэрэгъу лъэщым ди гъуэм топ кьыІэрыдимыгъэкІыфар. Псом хуэмыдэу гуапэщ Абаэз Руслан джэгукІэфІ дыдэ кьыІэригъэлъэгъуар. Ар зэІуІэм и яп дакьикъэм щегъэжьауэ джэгуащ икІи Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщалъхуахэр «Спартак-Налшыкым» хэтыну яхуэмыфащэу, я кьаурэ зэфІэкІкІэ пэмылъэщыну жызыІэхэм хуэфэщэн жэуап яритащ. А псалъэ дыдэхэр пхужьІэнущ Гъущокъуэ Арсен, Мэкъауэ Залим, Щэуей Алихьан сымя ятеухуауэ. Зэрагъэджэгуа зэманыр зэхуэмыдэми, ахэри екІуу «Сибирь»-м пэщІэтащ икІи ящыри зэ наІуэ кьытащІащ ди командэм и кьэжІэнур зэпхыпльхэр а щІалэхэр зэрыларар. Иджыри дапхуэдиз диІэ адэ-мыдэкІэ хэугуэшарэ ди республикэм и щыхьэр яхьумэну я нэ кьиІыну?!

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщІидзэжкІэ и стадионым щригъэкІуэжа зэІуІитІри зи текІуэныгъэкІэ ауха «Сибирь»-м а хабзэфІым пищэну щІхьэуэпсыртэ. Ахэр хуейт Мэзкуу и «Торпедо»-мрэ Саранск и «Мордовия»-мрэ я махуэр «Спартак-Налшыкми» кьыхуагъэкІуэну. Арщхьэкіэ ди щІалэхэри очко бжьагъэм хуэбжьу хуэныкъуэт икІи абыхэм Новосибирск щыхагъэхьуэну я мурадт.

Налшыкдэсхэм зэІуІэр жьыджэру кьыщІадзащ. Ятіп дакьикъэхэм щегъэжьауэ абыхэм ебгъэрыкІуэныгъэр тегъэщІапІэ ящІащ. «Сибирь»-р апхуэдэ щІдзэкІэм Іэнкун ящІащ икІи ди щІалэхэм ар мыхэ-мытІэу кьагъэсэбэпыным зы мащІэщ иІэжар. Арщхьэкіэ бжьыгъэ кьыщыхуэзэуэлымыхьм «Спартак-Налшыкыр» хуэмурэ сабырыжащ, и хьэрхэрэгъэм щыуагъэ Іэщ1экІэ кьыхэзригъэсэбэпынум тэпльэу. Абы хэгъэрейхэм я гур кьыхэзэригъэгъэтыжащ икІи езыхэр ебгъэрыкІуэныгъэхэм тригъэгъуэгъуащ. Иджы ди гъуащхьэхъумэхэрат гугъу екІыр. Ауэ ахэри тэмэму я кьалэнхэм пэльэщырт - кьыпхуэщІэнтэкьым зэгъуэгъэу апхуэдэу ятіп джэгуэу.

Загъэпсэхуу кьихьэжа нужькІэ налшыкдэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэхэм пащащ. Иджы абыхэм я гуащІагъыр кьыІэщІэпльэ зэпыштт. Псом хуэмыдэу жьыджэрт Гуэщокьуэмрэ Медведевымрэ. Абыхэм яльэкІ кьагьанэрэтэкьым я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм топ дагъэкІын папщІэ. АрщхьэкІэ бжьыгъэр кьыІэІуха хьуртэкъым. Іуэхур щымыхьум, Щэуеймрэ Мэкъауэмрэ джэгуэм кьыхагъэхьащ. «Мис иджы топыр гъуэм докІ», жьпІэу хэгъэрейхэм гуэдвэгъуэр ятелт.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, бжьыгъэр кьыІэІуха мыхьуауэ джэгуэ ищхьэ. Абы щыгъуэми, зыкъом щІауэ дымыльэгъуауэ адыгиплІым зэуэ (!) «Спартак-Налшыкым» и щыхьэр яхьумащ - Тхьэм фІы кьытхудгъакІуэ! Деп-лынщ ар Іэмалынщагъэм кьыхахарэ дяпэкІэ абы тетынрэ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм и етхуанэ джэгуГъуэм псорэфІэхьэ.Іэмэту щыкІэльыльпльащ, мазитІ и пэкІэ етІуанэ гупым щытекІуэу, ятіп дивизионым кьахьыхьагъащІ «Арсенал»-мрэ «Газовик»-мрэ я зэІуІэм. Ахэр Оренбург щыІэзэхуэзащ турнир таблицэм зым бжьипэр щиІыгъуу, адрейр ещанэу щыщыту. Абы щыгъуэми туладзэхэр пэщІэдзэ джэгуГъуэпІмэ щытекІуат.

Мы зэІуІэр хуабжьу удзэхьыхэх хьуащ. КомандитІми кьагъэльэгъуащ лъабжьэ быдэ зэрэІэр икІи пашэныгъэм щІбэнныну зэрыхсэрыр. Джэгум и яп сыхьэтым «Газовик»-р 2:0-у ятіп щищат. Абы иужькІэщ хьэщІэхэм зыкъыщыІэзэкъуахар. Ар кІасэ хьуным зы мащІэ дыдэщ иІэжар, туладзэхэм бжьыгъэр зэхуэдэ щащІыжар 90-нэ дакьикъэр зэрыларар кьэпльытэмэ. Абы иужьыкІэ «Арсенал»-м текІуэныгъэри кьыхуэхьынут. ауэ «Газовик»-р кьырегъэлащІ гъуэм кІуэ топым кьъэзыгъэгъэ я футболистым.

Удэзыхьэх хьуну щыгугъат Хабаровск щыІа зэІуІэри. Арщхьэкіэ абы ипэкІэ бжьыгъэщІэ «Арсенал»-м хигъэщІа «СКА-Энергия»-м и кьаурэр хуэзэщІэгъэуІуэжакъым икІи джэгугъуэ къэгъэсэбэпыну щІдзэ. КьыхэгъэпащІэхэм интернатым и гъэсэныгъэ Іэфныкіэхэмрэ спорт хьэпшьпхэмрэ, дэжьакІуэхэм - нэхъ цІыкІу дыдэхэм ерыскъы Іэфі хуагъэхьэзырыныжкІэ къагъэсэбэпыну блендерхэр ящІащ.

Кьалэм и активистэм интернатым и джэгупІэ утыкур зыхуэй хуагъэзащ, щхьэгъубжэхэр ятхьэщІщ, пщІантІэр зэщІагъэкъабзэрри, сабийхэм я нэгу зрагъэужьу щІадзащ. Утыкум интернатым и гъэсэн куэд кьихьат - нэхъ цІыкІу дыдэхэри, илъэс 20 хьуа щІалэхэри, хьыджэбзхэри. Абыхэм ягъуэта дрэжэгъуэм, я нэгум кьрих гуфІэгъуэм гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэтэжьи. -Интернатым и гъэсэнхэр - зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабийхэри ныбжьыщІэхэри сыт щыгъуи гупльытэ хуэныкъуэщ. Абыхэм я деж гъащІэр щІзыхьэпщІэфынущ. Ахэр гу кьабзэщ, хьэлэщ. Абыхэм ящІэ псэукІэ, зым дрэйм пщІэ хуещІ», - жеІэ псапащІэ Іуэхум хэтахэм ящыщ Олег.

Псапащ1э Іуэхум и кьызэрэгъэпэщІащІэхэр интернатым кьыщыщІэкІыжьым кьафІекІуа нэпсхэр ерагъкІэ зэтрагъэІыгъэт. Абыхэм ящыщ Андэ кьыщэрыхиІэщащІи, апхуэдэ сабийхэр насыпныр зыхащІэн папщІэ зы мащІэщ зыхуэныкъуэр - хуабагъэрэ гулыытэрэ.

Апхуэдэ сабийхэм гъащІэм нэгъэщІынкІэ урагъэпэтъ. Псапащ1э Іуэхур ирагъэкІуэкІащ нэщІ мазэ гъапІэмэ, абы и унэтІакІуэхэм фІы кьаХуэдэкІуэмэ, гуапэщ. Сыт щыгъуи зэрыжаІэщи, мыльхур уэсэпсщ, нэхъыщхьэр уи гумрэ уи псэмрэ зэІухауэ, цІыхум зыщІэбгъэкъуэфу, зы мащІэ нэхъ мыхъуми Іэфныгъэрэ хуабагъэкІэ хуэуэпсэфу, цІыхугъэ пхэльу упсэнырщ.

ДЫГУЛЫБГЪУЭ Жантинэ.

Прохладнэ кьалэм дэт сабий унэинтернатым щеджэ ныбжьыщІэ гуп.

Хэгъэрейхэр иобгъэрыкІуэ.

Мурад нэхъыщхьэр

● Псапэ

«Зыуэ щыт Урысейм и Щэбэлэщ1э гвардие» (МГБР) урысейпсо жыдагъуэ зэгуэхьэныгъэм КъБР-м щІэ къудамэм, Прохладнэ кьалэ округымкІэ и Іуэхущ1апІэмрэ щІыпІэ волонтер зэщІэхьееныгъэм хэтхэмрэ бадзэуэгъуэм и 20-м Прохладнэ кьалэм дэт сабий унэ-интернатым псапэ Іуэху щрагъэкІуэкІащ.

БЕСЛЪЭН щыпсы и унафэщІ Назрэн Беслъэн кьыІэзэрыджиІамкІэ, акцэр ирагъэкІуэкІащ «Зыуэ щыт Урысейм и Щэбэлэщ1э гвардие» урысейпсо жыдагъуэ зэгуэхьэныгъэм и федеральнэ программэм ипкъ иткІэ. Мурад нэхъыщхьэр сабий унэхэм я гугъуехьхэм, ныбжьыщІэ ныкъуэдыкъуэхэм хуаІэ щытыкІэм, апхуэдэуи псапащІэ Іуэхум гу лъегъэтэнырщ, абы жылагъуэр кьыхэщэнырщ.

Налшык и лЫкІуэхэмрэ Прохладнэ кьалэм и гупымрэ интернатым гуапэу щрагъэблэгъащ. ХьэщІэхэр я Іуэху зыІутым, сабийхэм я псэукІэм щыгъуазэ хуащІащ. КьыхэгъэпащІэхэм интернатым и гъэсэныгъэ Іэфныкіэхэмрэ спорт хьэпшьпхэмрэ, дэжьакІуэхэм - нэхъ цІыкІу дыдэхэм ерыскъы Іэфі хуагъэхьэзырыныжкІэ къагъэсэбэпыну блендерхэр ящІащ.

Кьалэм и активистэм интернатым и джэгупІэ утыкур зыхуэй хуагъэзащ, щхьэгъубжэхэр ятхьэщІщ, пщІантІэр зэщІагъэкъабзым жьэхэуэщ. Лей зытекьар игъуэта фэбжьым кьелакьым.

Марихуанэ килограмм ныкъуэ

УФ-м и МВД-м Май куеймкІэ и кьудамэм и пльыр-пост кьулыкъум и лэжьакІуэхэм кьалэ карьерхэм ухуэзыщІ гъуэгум щІалэщІилл щаубыдащ. Абыхэм языхэхьэм иІыгът щІэныжь кьызыхих кьэкІигъэ зэрыдль плІэндзэ.

Экспертхэм кьыІэзэралытамкІэ, кьэтрахар килограмм ныкъуэ зыу марихуанэ наркотикхэкІэ.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

ХабзэншагъэкІэ ирагъэкІырт

УРЫСЕЙ Федерацэм и МВД-м Налшык кьалэмкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм 1979 гъэм кьалъхуа щхьэлыкъуэдэсыр зубыдащ. Абы «Радуга» аптекэм щищэрт «Лирика» хущхьуэхэкІыр, зы таблеткэр соми 130-кІэ. Хабзэхьумэхэм сом 801060-рэ и уасэ таблеткэ мини 6-м щІигъу абы кьыІэрахащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, «Лирика»-м пыща гугъуехьхэр республикэм и наркополицейхэм кьыІэтауэ щытащ. Ахэр игъэпІейтейрт наркотикым дихьэхэм я нэхьыбэм, псом хуэмыдэу щІалэгъуэлэм, «Лирика»-р кьызэрагъэсэбэпым. ИкІэм-икІэжьым, КъБР-м и Парламентым а хущхьуэхэкІыр рецептышІэу аптекэхэм щамыщэну унафэ кьыщтащ.

Бзаджащ1эхэм я гъэтІылъыгъэ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым щыІэ щІэпхьаджащІэ гупым щыщІэхэр кьэхутэным икІи убыдыным теуха кьэлъыхьуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым, Зэрэгъэк кьуажэм километри 2,5-кІэ пэІэщІэу ерыскъыкъэкІэр зэман кІыхькІэ хьуэным хуэщІа гъэтІылъыпІэ кьагъуэтащ.

Щ1ым щІэтІа полимер чентІым крупахэмрэ макароныхэмрэ ильт.

Зыгъэхъэзырар
УЭРДОКЪУЭ Жеянщ.

●КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Дэфтэр нэпцІ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым и полицэм иубыдащ къарузэхьэ Іэнатіэхэм ящыщ зым щэч уэзыгъэщІ и удостоверенэ зыІыгъ Кизляр кьалэм щыщ цІыхухьыр.

КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакІуэхэм «Урыху» постым деж кьыщагъэувыІащ 1979 гъэм кьалъхуа Кизляр кьалэм щыпсэуэм Іэрэгъакіуэ автомашинэр. Дэфтэрхэр кьыщапщытэм абы кьаригъэлъэгъуащ кьарузехьэ Іэнатіэхэм ящыщ зым и лэжьакІуэм и удостоверенэ. Ауэ щыхьукІи, жинтым и сэмэгурабгъуэмкІэ тет номерхэр ижьырабгъумкІэ щыІэхэм техэртэкъым.

Дэфтэрыр кьытрахащ, Іуэхур эхэгъэжІ.

«Кавказ» бэзэрым

КъБР-м щыІэ МВД-м экономикэ шынагъэнщагъэмрэ коррупцэм пэщІэтынымкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм Налшык кьалэ и «Кавказ» бэзэрым и щыпІэм джэгупІэ щэху щызэхуащІыкащ. Зэрыджэгу Іэмэпсымэ 14 кьытракъащ.

Ар зыгъэлажьэр ящыдащ икІи хабзэм ипкъ иткІэ, жэуапым ирашэлІэнущ.

Чэфу рулым дэсхэр

КъБР-м щыІэ МВД-м щызэхалъхьэжащ Налшык кьалэ щрагъэжьэкІа зи нэзу «Фильтр» Іуэхуэгъуэм кьрикІуэхэр. Чэфу рулым дэсу цІыху 21-рэ ящыдащ.

Зы жэщ-махуэм кьырибыдэу гъуэгум щынагъэуэщагъэр кьыщІэзгъэпэщынымкІэ административнэ хабзэр 109-рэ кьызэпаудаэу кьыщагъэщащ. Фадэ ефауэ транспорт зезыгъакІуэ 21-рэ, шофер тхьылъхэр ямыІэу 23-рэ, гъэуэгум кьыхуэкІуэ лъэныкъуэмкІэ текъуэу 3, зыдзэкІуэ зи ужь псынщІагъым щІезыгъэгъуэуэ 14, щынагъуэнщэ бгырыпхэр кьэзымыгъэсэбэпу 17 ящыдащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ, полицэм и полковник Бэдзыдэ Юрэ зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ Іуэхуэгъуэхэр егъэкІуэкІыным и мурад нэхъыщхьэр щытыкІэр ерагъэфІэкІуэнырщ, гъэгъуэхэм авариехэр щыгъэмащІэнырщ.

ЦІыхуиплІ хокІуадэ

«КАВКАЗ» федеральнэ гъуэгум кьыщыхьуа аварием цІыхуиплІ хэкІуэдащ, зым фэбжь хихащ.

Гъэзгу насыпншагъэм теуха хэыбарыр плъыр частым кьыІэрыхьащ пщэджжьым сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 25-м. Ильэс 43-рэ зи ныбжь, ВАЗ-21120 автомашинэр зезыгъакІуэм, кьемызэгъ пслъэщІагъ кьищтэри, рулыр хуэмыгъэЗырыщІу гъэзгум и адрей лъэныкъуэмкІэ тельэдащ икІи Владикавказ кьалэм щыщыр зи рулым дэс ВАЗ-21140 автомашинэм жьэхэуащ. ВАЗ-2107, Лада-Калина автомашинэхэм псынщІэ дыдэу кьэхуа щытыкІэ шынагъуэм кьыхэкІыу къэуВыІэну Іэмал яГъуэтакъым икІи зэхьэхэуа автомашинэхэм еуащ.

Гъэзгу насыпншагъэм ВАЗ-21140-м и рулым дэсар, ВАЗ-21120-м и шоферымрэ абы игъуэта 1980, 1988 гъэхэм кьалъхуа цІыхухьэмтІыпрэ хэкІуэдащ.

ВАЗ-2112-м иса Щэджэм кьалэ щыщ цІыхухьум фэбжь хьэлъэ игъуэтауэ Республикэ сымаджэщым яшащ, дохутыркэм абы и щытыкІэр хьэлъэу кьалыытэ.

Игъуэта фэбжьым кьелакьым

УРЫСЕЙ Федерацэм и МВД-м и «Прохладнэ» кьудамэм и лэжьакІуэхэм 1961 гъэм кьалъхуа цІыхухьэр, лъэкъуэрыгъажэм тесащ, зыхэкІуэда аварием кьызыхэкІар эзхагъэжІ.

ВАЗ-21053 автомашинэр зезыгъакІуэ, щхьэзакъуэ такъомоторэ Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ, 1978 гъэм кьалъхуа цІыхухьэр кьуажэ гъуэгум тету здэкІуэм рулыр хуэгъэІурыщІакъым. Машинэр щІихьэри, Іуэхуэм кьыхуэкІуэ лъэныкъуэмкІэ идзащ икІи лъакъуэрыгъажэм теса цІыхубзым жьэхэуащ. Лей зытекьар игъуэта фэбжьым кьелакьым.

Щ1ыпІ щхьэІум екІуэкІыну зэІущІэхэр

ЯПЭ ДИВИЗИОН

Ехэнэ джэгугъуэ

Щ1ыщхьэІум и 2
(ижрэм)

«Мордовия» (Саранск) - «Газовик» (Оренбург)
«Динамо» (Санкт-Петербург) - «СКА-Энергия» (Хабаровск)
«Енисей» (Красноярск) - «Сибирь» (Новосибирск)
«Балтика» (Калининград) - «Алания» (Владикавказ)
«Луч-Энергия» (Владивосток) - «Нефтехимик» (Нижнекамск)
«Салют» (Белгород) - «Ангушт» (Нэзрэн)
«Ротор» (Волгоград) - «Уфа» (Уфа)
«Торпедо» (Мэзкуу) - «Химик» (Дзержинск)
«Арсенал» (Тулэ) - «Шинник» (Ярославль)

Ебланэ джэгугъуэ

Щ1ыщхьэІум и 7
(бэрэжьей)

«Енисей» - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«СКА-Энергия» - «Сибирь»
«Газовик» - «Динамо»
«Шинник» - «Мордовия»
«Химик» - «Арсенал»
«Уфа» - «Торпедо»
«Ангушт» - «Ротор»
«Нефтехимик» - «Салют»
«Алания» - «Луч-Энергия»

Ешанэ джэгугъуэ

Щ1ыщхьэІум и 12
(бльщхьэ)

«Мордовия» - «Химик»
«Динамо» - «Шинник»
«Сибирь» - «Газовик»
«Енисей» - «СКА-Энергия»
«Салют» - «Алания»
«Ротор» - «Нефтехимик»
«Торпедо» - «Ангушт»
«Арсенал» - «Уфа»
«Спартак-Налшык» - «Балтика»

Бгъуэнэ джэгугъуэ

Щ1ыщхьэІум и 18
(тхьэмахуэ)

«СКА-Энергия» - «Спартак-Налшык»
«Газовик» - «Енисей»
«Уфа» - «Мордовия»
«Шинник» - «Сибирь»
«Химик» - «Динамо»
«Алания» - «Ротор»
«Нефтехимик» - «Торпедо»
«Балтика» - «Луч-Энергия»
«Ангушт» - «Арсенал»

ЕпщІанэ джэгугъуэ

Щ1ыщхьэІум и 23
(мэрем)

«Мордовия» - «Ангушт»
«СКА-Энергия» - «Газовик»
«Арсенал» - «Нефтехимик»
«Енисей» - «Шинник»
«Спартак-Налшык» - «Луч-Энергия»
«Сибирь» - «Химик»
«Динамо» - «Уфа»
«Салют» - «Балтика»
«Торпедо» - «Алания»

Епщ1ыкІуэнэ джэгугъуэ

Щ1ыщхьэІум и 28
(бэрэжьей)

«Газовик» - «Спартак-Налшык»
«Шинник» - «СКА-Энергия»
«Химик» - «Енисей»
«Уфа» - «Сибирь»
«Ангушт» - «Динамо»
«Нефтехимик» - «Мордовия»
«Алания» - «Арсенал»
«Балтика» - «Ротор»
«Луч-Энергия» - «Салют»

Урысей Федерацэм футболымкІэ и ятіп дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщІекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1.	«Арсенал»	5	4	1	0	13-4	13
2.	«Мордовия»	5	4	0	1	13-5	12
3.	«Газовик»	5	2	3	0	6-3	9
4.	«Уфа»	4	3	0	1	6-4	9
5.	«Химик»	4	2	2	0	3-1	8
6.	«Балтика»	5	2	2	1	6-5	8
7.	«Шинник»	5	2	2	1	4-4	8
8.	«Ротор»	5	2	1	2	7-4	7
9.	«Алания»	4	2	1	1	5-4	7
10.	«Сибирь»	5	2	1	2	6-6	7
11.	«Луч-Энергия»	5	2	0	3	3-3	6
12.	«Спартак-Налшык»	5	1	3	1	3-5	6
13.	«СКА-Энергия»	5	1	2	2	3-7	5
14.	«Динамо»	5	1	1	3	3-7	4
15.	«Енисей»	5	1	1	3	4-11	4
16.	«Салют»	5	0	4	1	1-2	4
17.	«Торпедо»	5	0	2	3	2-6	2
18.	«Нефтехимик»	4	0	1	3	3-6	1
19.	«Ангушт»	4	0	1	3	1-5	1

ЗэІущІэ нэужьым

ШЫПШ Тимур,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

ФІыщІэ яхузощІ



- МыІейуэ зэІущІэр едгъэжьат, джэгум кьидгъэхьэнухэм ехьэлІауэ гугъуехьышхэу диІа пэтми. Гъащ1эхьэумащ зэрытхэщІам кьыхэкІыу, ахэр зэрыщыту тхъуэжьыкІ хуей хьуащ. Джудович кьидгъэхьэри, Сирадзе лей кьэхьащ, ахэр хамэ къэрал футболистэу зэрыщытым и зэранкІэ.

ЗэІущІэм и яп Іыхьэм и кІэухым ди джэгур кьызэІыхьащ, топри кьытхуэгъэІурыщІэртэкъым. Зыдгъэпсэхуу дыкьыхьэжа нужькІэщ Іуэхур щызэтеувэжар. Топыр дэдгъэкІыну Іэмал хьарзынэ зыбжанэ зыІэщІэдгъэкІащ. Апхуэдэущ щыт топым, нобэ дгъэджэгуаэм арэзы дыкьащІащ икІи псомиІ фІыщІэ яхузощІ.

КУБИЦКИ Дариуш,
«Сибирь»-м и тренер нэхъыщхьэ:

ДымыІеяуэ къызолъытэ



- Хуабжьу зэІущІэ гугъу едгъэкІуэкІащ. Джэгум и яп Іыхьэм топ дэдгъэкІыфыну щытащ, ауэ а Іэмалыр кьытхуэгъэсэбэпащ.

Нобэ дымыІеяуэ къызолъытэ. Пэжщ, нужь дакьикъэхэм дыззрешар нэрылъагъут. Абы и щхьэусыгъуэр ди футболист нэхъыфІхэр зэрытхъужьи зэрыдимыІэрщ - ахэр ешауэ кьыщІэкІынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖЬэКІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ1ыщ1эж Замирэ, Хьэжьыкьарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, ещІанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суэрттехьэ - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэЗта Іуэхугъуэхэм я пжьагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щытекъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьумэныкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым тradзэн хуейщ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и щІэкІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ, редактору Жылаэ Заурбэч, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **корректорхэм я дэІэныкъуэгъу Мыразкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэ щыІащ* **Ныр Сандэ,** *суэрттехэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.178 ● Заказ №1932